**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ**
**ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТИРЛИГИ**

**ӘЖИНИЯЗ АТЫНДАҒЫ НӨКИС МӘМЛЕКЕТЛИК**
**ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ИНСТИТУТЫ**

***Р.Ш. Алеуова***

# БАЛАЛАРДЫ РУЎХЫЙЛЫҚҚА ҲӘМ ӘДЕП-ИКРАМЛЫЛЫҚҚА ТӘРБИЯЛАЎ

*(методикалық көрсетпе)*

**НӨКИС-2012**

*Дүзиўши:* **Р.Ш.Алеуова**

**Методикалық көрсетпе мектепке шекемги тәрбия мәкемелеринде балаларды миллий қәдириятлар тийкарында руўхыйлыққа ҳәм әдеп-икрамлылыққа тәрбиялаўдың мазмуны, метод ҳәм формалары, кағыйдалары мәселелерине қаратылған.**

**Қөрсетпе жоқары оқыў орынлары талабалары, колледж оқыўшылары, мектепке шекемги тәлим мәкемеси тәрбияшыларына арналған.**

***П И К И Р   Б И Л Д И Р И Ў Ш И Л Е Р:***

1. ***А.Пазылов*** - Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының доценти, педагогика илимлериниң кандидаты.

2. ***З.Худайбергенова*** - К.Убайдуллаев атындағы Республикалық педагог кадрларды қайта таярлаў ҳәм қәнийгелигин арттырыў институты, «Мектепке шекемги ҳәм баслаўыш тәлим» кафедрасы доценти.

## *КИРИСИЎ*

Өзбекстан Республикасы өз ғәрезсизлигине ерискеннен кейинги жыллардан баслап-ақ, халқымыздың миллийлигин қайта тиклеўге, өсип киятырған жас әўладтың санасына миллет, Ўатан, ғәрезсизлик ҳәм тил түсиниклерин қәлиплестириў менен бирге, буларды айрықша тәлим-тәрбия процесине терең енгизиў ҳәм басқа да әмелге асырыў тийис болған үлкен ўазыйпалар жүкленди.

Жас әўладты тәрбиялаўда тийкарынан бизлерден миллетимиздиң тили, мәденияты, тарийхы, үрп-әдетлери, барлық материаллық ҳәм руўҳый өмиримизди ҳәр тәреплеме терең үйретиў ҳәм талқылаў талап етиледи. Соның менен бир қатарда миллий қәдириятларымызды өзгермес қубылыс емес, ал миллий раўажланыў менен байланыслы болған жәмийетлик, экономикалық турмыстың раўажланып барыўы, жасаў тәризи ҳәм мийнет етиў шараяты өзгериўи менен миллий қәдириятларымыз да өзгериўин нәзерден шетте қалдырмаўымыз керек. Миллий қәдириятларымыз менен бир қатарда үрп-әдетлеримизге ҳүрмет түсиниги де зәрүрли орын тутады. Перзент дүньяға келиўи менен байланыслы болған үрп-әдетлердиң ҳәр бири жақсы нийетлер менен әмелге асырылады. Бундай үрп-әдетлер баланың руўҳый кәмиллигине унамлы тәсир көрсетеди.

Мектепке шекемги жастағы балаларда әдеп-икрамлылық сыпатларды қәлиплестириў узақ мүддетли, үзликсиз педагогикалық процесс нәтийжесинде пайда болатуғын руўхый, жәмийетлик жағдай. Оны әмелге асырыўда тәлим мәкемелеринде жаратылған педагогикалық шәрт-шараят, саламат орталық ҳәм мақсетке бағдарланған тәлим-тәрбия салмақлы орынға ийе.

Миллий үрп-әдетлер тийкарындағы руўхый ҳәм әдеп-икрамлылық тәрбия шахс түсинигин қәлиплестиреди ҳәм инсанның дүнья менен өз-ара мүнәсибетлерине ҳәр тәреплеме нәтийжели тәсир етеди.

Мектепке шекемги жастағы балалардың әдеп-икрамлылық санасының қәлиплесиў концепциясының педагогикалық негизлери – анағурлым әҳмийетли илимий ҳәм илимий-методикалық идеялар, тийкарлар болып есапланады. *Олар:*

- балалардың әдеп-икрамлылық тәрбиясының мүмкиншиликлери ҳәм өзгешеликлерин ашып бериўши көз-қараслар системасы;
- мектепке шекемги жастағылар тәрепинен әдеп-икрамлылық билимлериниң өзлестирилиўи;
- минез-қулқ нормалары ҳәм тәртиплери ҳаққында түсиниклердиң қәлиплесиўи;
- әдеп-икрамлылық сезимлери ҳәм тәсирлердиң, адамгершилик қатнаслардың, әдеп-икрамлылық хызметке бағдарланған тәрбиялық жумыслардың раўажланыўы ҳәм усы тийкарда тийисли педагогикалық хызметке сәйкес мазмунлардың, қураллардың, усыллардың ҳәм методлардың таңлап алыныўы болып табылады.

Демек, мектепке шекемги жастағы балалардың руўҳыйлық ҳәм әдеп-икрамлылық тәрбиясының қәлиплесиўи баланың ишки әдеп-икрамлылық кеңислигин көре билетуғын педагогикалық хызметтиң жоқары мәниси сыпатында көзге тасланады.

# МЕКТЕПКЕ ШЕКЕМГИ ЖАСТАҒЫ БАЛАЛАРДЫ РУЎХЫЙЛЫҚҚА ҲӘМ ӘДЕП-ИКРАМЛЫЛЫҚҚА ТӘРБИЯЛАЎ

Балаларды руўхыйлыққа ҳәм әдеп-икрамлылыққа тәрбиялаўдың әҳмийетли шәртлериниң бири ата-аналар менен тығыз бирге ислесиў болып табылады. Ата-аналар менен биргеликтеги servicesислер балаларда миллий дәстурлеримизди абайлаўға, жақсы қарым-қатнаста болыўға жәрдем береди.

Шаңарақта ҳәм ата-ананың басшылығында келешек пуқарасы тәрбияланады. Мәмлекетимиздеги болып атырған өзгерислер, раўажланыўлар педагоглардың ой-пикири арқалы балаларға жеткерилиўи лазым. Буны тәрбияшының балалар ҳәм ата-аналар менен биргеликтеги жумысларында пайдаланыў керек.

Көпшилик ата-аналар айып ислеген 2-2,5 жасқа шекемги балаларды айыплы деп есапламайтуғынлығын көремиз. «Қандай айып ҳаққында айтып турсыз? Ол еле түсинбейди ғой, өзин тутыўды билмейди, билмеген соң әлбетте айыплы емес», - олардың пикирлеўлери сондай. Бирақ буны қалай тексерип көриўге болады, бала өзин тутыўды биле ме яки жоқ па? Баланың қызығыўшылығының күшлилиги ме, басқаша айтқанда оның саналы, еркин орынлағанын қалай билиўге болады?

Балалардың жас ҳәм психологиялық айырмашылықларын есапқа ала отырып, оған көрсетпей ойыншық оралған ораўды ашып отырып қарама деп айтылады. Қанша шыдаўы мүмкин? Мине қутыша алып келинеди, қағаз сытырлайды … яқ, ол өзин услай алмайды: қызығыўшылық үстин келеди. Бирақ, балалардың ҳәммеси де бундай етпейди. Көплеген 3-4 жаслы балалар сынаўға шыдам береди. Демек, олар өзлериниң минез-қулқын басқара алады, өзлерин еркин тута алады, яғный олар әдеп-икрамлылықтың әпиўайы нормаларын да орынлай алады. Мектепке шекемги жастағы баланың сөйлеў, пикирлеў, қабыл етиў ҳәм есте сақлаў қәбилетлери раўажланатуғынлығы белгили. Сонлықтан, әпиўайы әдеп-икрамлылық нормалар, жақсылық ҳәм жаманлық ҳаққында дәслепки түсиниклер пайда болады. Балалар өзлерин қызықтырған нәрселердиң көпшилиги ҳаққында бизлерден, яғный үлкенлерден билип алады. Әлбетте, бунда арнаўлы шынығыўлар менен шекленип қалыў керек емес. Мүнәсибет, ҳақыйқый турмыстағы ўақыялар – «әдеп-икрамлылық педагогикасы»ның әдеттеги көринислери, «жалған сөйлеме», «кишкенелерден ойыншықларды тартып алма», «әззилерди қапа қылма», «сыйлықты бөлисиўди үйрен» - сыяқлы сөзлерди мектепке шекемги жастағы бала үйде, мектепке шекемги тәлим мәкемесинде, көшеде, транспортта онлап, жүзлеп мәрте еситеди… Ертеклер, китаплар, кино – булардың барлығы балаға руўхый азық: адамлар ҳәм ҳайўанлар, өсимликлер ҳәм предметлер өзинде жақсылық ҳәм жаманлықтың, кеўиллилик ҳәм қатаңлық, кеўили ашықлық ҳәм эгоизмниң түр-түсин береди. «Социаллық үйрениў»де үлкен әҳмийетке ийе: бала минез-қулық ҳәм мүнәсибетлерди дыққат пенен бақлайды. Ата-аналардың бир-бирине дәртлес болыўы, бир-бирине жәрдем бериўи ямаса эгоистлик ҳәм итибарсызлығы бала санасында узақ сақланып қалады.

Солай етип, мектепке шекемги жас дәўириниң басында (3-4 жаста) бала адамлардың әдеп-икрамлы қарым-қатнаслар қоршаўына киреди. Ол көплеп

нормаларды биледи ҳәм оларды сақлауға уқыплы болады. Демек, олардың бузылыўына да жеке өзи жуўапкер болады. Бирақ, енди бизлердиң алдымызда ең баслы мәселе пайда болады: бала тек ғана мораллық нормаларды орынлай алыўы ғана емес, ал орынлаўды қәлеўи ушын не ислеў керек? Қалай етип, онда әдеп-икрамлылық себеплерин тәрбиялаў мүмкин? Ең аңсаты - мәжбүрлеў ме? Ҳақыйқатшыл болсаң – хошаметленеди, алдасаң – жазаланады. Сыйлықлаў ҳәм жазалаў ҳәр түрли ҳәм шексиз болады. Саўға, күлиў, мақуллаў, мәнили қараў, даўыс интонациясы, мийримлилик яки булардың болмаўы – хошаметлеў ҳәм жазалаў қураллары. Туўрыўдан туўры мақуллаў ҳәм жазалаў мүмкин, бирақ та туўры емес жазалаў ҳәм хошаметлеўге де болады, мысалы, баланың қылығын, оған таныс болған жақсы яки жаман ертек қаҳарманының ислеген ис-ҳәрекетлери менен таныстырыў арқалы.

Мектепке шекемги жастағы бала жақын үлкен адамларының мақуллаўын күтеди, олардың жазалаўынан қорқады, сонлықтан норма ҳәм талапларды орынлаўға ҳәрекет қылады. Баланың әдеп-икрамлылық сыпатлары усылай пайда болады, яғный өзи ушын үлкенлердиң әҳмийетли унамлы мүнәсибетлерин сақлап қалыў ҳәм беккемлеў мақсетинде ҳәрекетлери жетилисип барады. Бул себепти сыртқы социаллық қадағалаўға бағдарланған себеп деп атаймыз.

Баланы жазалаўға бола ма? Жазаламай-ақ тәрбиялаў мүмкин бе? - деген сораўлар жийи-жийи бериледи. Ҳақыйқый турмыста бизлер бийпәрўа бола алмайтуғын, бийпәрўа болмаўымыз шәрт болған ўақыялар, балаға шешиўши түрде «жоқ, болмайды» деп айтатуғын ўақыялар көп ушырасады, гейбир жағдайларда бизлер жазалаўға мәжбүр боламыз. Жаза қандай болыўы керек? Бул жерде таяр көрсетпелер жоқ. Әлбетте, кеўилсиз жағдайға салатуғын турпайы сөзлерди қолланыўға болмайды. Олар бала психикасын жаралайды, оның бизге болған «исенимин» жоқ етеди. Жазалаўдың формасы ҳәм өлшеми ҳәмме ўақытта да өзине тән, олардан пайдаланыў да өз алдына шеберлик. Ең әҳмийетлиси, жаза қандай болмасын, бизлерди бала менен байланыстырыўшы исеним ҳәм муҳаббаттың руўхый жибине тийип кетпеўи керек. Оның инсаный ар-намысын аяқ асты етиўге болмайды. Солай болса да, биз тек ғана сыртқы қадағалаў, хошаметлеўлер ҳәм жазалаўлар арқалы қурылған әдеп-икрамлылық талапларының прагматикалық тәрепин көремиз. Бала нормаларды, ол «жақсы», «ҳақыйқатшыл», «әдил» болғаны ушын емес, ал оларды орынлаў пайдалы болғаны ушын орынлайды. Ал нормаларды бузыў – пайдасыз: себеби жазаланыўы мүмкин. Бундай әдеп-икрамлылық қағыйдалары сыртқы таянышқа - социаллық қадағалаўға мүтәжлик сезеди. Ал егер де бул қадағалаў күшсизленсе ше? Яки болмаса бул қадағалаў биротала жоқ болып кетсе ше?

Әлбетте, мектепке шекемги жаста бул сийрек жүз береди. Себеби бул жаста бала ҳәмме ўақыт үлкенлер көз алдында: ата-аналардың, тәрбияшылардың, басқалардың… Үлкенлердиң бәрҳәма болыўы, олардың «ҳәмме нәрсени» көре алыўы балада иллюзия пайда етиўи мүмкин: мәселен қасында үлкенлер болмаса да, бәри бир ерте ме, кеш пе норманың бузылыўын сезеди. Солай етип, сыртқы қадағалаўдың «өсип шығыўы» жүзеге келеди. Енди үлкенлердиң өзлери емес, ал баланың алдындағы үлкенлердиң образы сыртқы қадағалаўды әмелге асырады.

Бирақ, ўақыттың өтиўи менен бул сыртқы қадағалаўшы «уйықлап» кетеди. Оқыўшы, жас өспирим үлкенлердиң көз алдынан узақласады ҳәм оның сыртқы

қадағалаўдан қорқыўы да азаяды. Ўақыт өтип, мектепке шекемги жастағы бала үлкейип жигит болады, шаңарақ қурады. Енди оның мүнәсибети сыртқы қадағалаўдан жасырынған жағдайларда, басқа көзлерден аўлақта қандай болады? Әдеп-икрамлылық себеплери өзиниң сыртқы таянышы жоқ болған ўақытта да сақланып қала ма яки из қалдырмастан жоғалып кете ме?

*Жуўмақ шығарылады:* жас өткен сайын сыртқы қадағалаў әззилейди. Бала ҳәм адамлар арасындағы мүнәсибетлерде сыртқы қадағалаў болмаған, яғный бала әдеп-икрамлылық нормасы менен «жүзбе-жүз» болып қалатуғын кеңислик пайда болады. Егер де әдеп-икрамлы минез-қулық тек ғана қадағалаўға таянған болса, қадағалаў жоғалыўы менен ол да жоғалады. Бул жүдә қәўипли. Ҳайран қаларлық қубылыстың, қарама-қарсылықтың: мектепке шекемги жастағы бала ҳәм жас өспиримди тәрбиялаў «қыйынлығы» арасындағы кескин келисимниң себеби усында емес пе екен? Ҳақыйқатында да мектепке шекемги жастағы бала әдетте нормаларды сақлайды, үлкенлердиң талапларын қанаатландырады. Олар менен айрықша машқала келип шықпайды. Ал «қыйын» жас өспиримлер қайдан пайда болды? Не ушын жас өспиримлердиң әдеп-икрамлылық ҳәм ҳуқуқый нормаларды бузыўы, усы жастың қыйынлығы үлкен машқалаға айланып кетеди? Сыртқы қадағалаў тәсириниң азайыўынан ба? Бизлер балада бундай қадағалаўдан ғәрезсиз себеплерди тәрбиялай алмағанлығымыздан ба? Егер солай болатуғын болса, мектепке шекемги жастағы балалар арасында жәмийетлик қадағалаў болмаған ўақытта да мораллық нормаларды орынлайтуғын балалардың саны онша көп болмаўы керек ғой?

Бул анықлап көриледи. Балаларға әпиўайы ойынды ойнаў усынылады: шелектен шариклерди жалпақ бел менен алып банкиге салыў керек. Егер белдиң жалпақ жағы азмаз ишке майысқан болса, балалар ўазыйпаны аңсат орынлайды. Енди балаға аўызша «әдеп-икрамлылық ўазыйпасын» орынлаў тапсырылады. Оған: тәрбияшы бир балаға шариклерди қол тийгизбей, бел менен банкаға салыў тапсырмасы бергенлиги ҳәм егер ол оны орынласа сулыў ойыншық алатуғынлы, кейин тәрбияшы баланың бир өзин қалдырып кеткенде, бала бел менен шариклерди сала алмай, оларды қол менен салып қояды, тәрбияшы қайтып келгенде оны алдайды ҳәм ойыншықты алатуғынлығы ҳаққындағы ўақыя айтып бериледи.

«Сыналып атырған» бала ўақыяны түсингенлигине исеним кәмил болғаннан соң, оған сораў бериледи: Бала дурыс иследи ме яки надурыс па? Ол қандай жаман нәрсе иследи? Егер сен оның орнында болғанында не ислер едиң? Сораўлардың мақсети - бала ўақыяда қойылған нормаларды билеме ҳәм олардың сақланыўы өзи ушын миннетли деп есаплай ма, соны анықлаў ушын бериледи.

Ал енди баланың озин реал жағдайға қоямыз: жаңа ғана ол сөз бенен баҳалаған жағдайға. Оған шариклерди қол тийгизбей банкаға бел менен салыў тапсырылады, столдың үстине ойыншық қойылады ҳәм бөлмеден шығып кетиледи. Билдирмей оның ҳәрекетлери бақланады. Аз-маз майысқан белдиң орнына жалпақ бел бериледи: усының өзи тапсырманы орынлаўды қыйынластырады. Бала тезирек табысқа ерисиў ушын тапсырманы орынлаўға кириседи… Ол ойланып қалады, белге қарайды, ойыншыққа қарап қояды… Мине шешиўши ўақыт келеди: ол сөзинде тура ала ма, ойыншықты наҳақ жол

менен алыўдан өзин тыя ала ма?

Нәтийжеде 3-6 жастағы балалардың дерлик ҳәммесиниң сөзлеринде «ҳақыйқатлық» нормалары сақланады, ал иске келгенде – бузылады. Бузылғанда да тек ғана үлкенлер жоқ ўақытта бузылады: себеби бул ўақытта бузыўдың изи билинбей қалады. Егер үлкенлер бөлмеде бар болса, балалардың ҳеш бири шариклерди қолы менен салмайды. Минекей – сыртқы қадағалаўдың услап турыўшы тәсири.

*Басқа да методлар қолланылып көриледи.* Балаға әпиўайы тапсырманы орынлаў тапсырылады (қағаздан байрақша қыйыў), егер ол оны орынласа, балаға ойыншық бериледи. «Сен усы ойыншықты өзиңе алып қалыўыңа да болады, мына қутышаға салыўың да мүмкин. Бул қутышадағы ойыншықлар мектепке шекемги тәлим мәкемесинде болатуғын ойыншықлар көргизбесине алып барылады». Бунда: сөзде көплеген балалар ойыншықты «улыўма иске» беретуғынлығын, ал иске келгенде тек ғана 10 % балалар усылай ислегенлигин, онда да үлкен топар балалары. Сөзде мектепке шекемги жастағы балалар өзиниң теңлеслери менен ойыншықларды әдил бөлиседи, ал негизинде балалардың көпшилиги жақсырақ ойыншықларды өзине алып қалады. Ал егер «бөлисиў» теңлес-шеригиниң алдында болып атырған болса, «әдил» бөлистириўшилер саны кескин көбейеди. Бул да сыртқы қадағалаў, бул рет - өз теңлеси тәрепинен. Балалар үлкенирек болған сайын ол күшлирек болады.

Гейде мектепке шекемги жастағы балалар арасында сыртқы қадағалаў болмаған жағдайларда да ҳақыйқатшыллықты, өз-ара жәрдемди, әдилликти жүзеге шығаратуғын балалар бар! Бундай балалар саны үлкен жас топарларында көбирек болады. Бундай әдеп-икрамлылық қандай себепке тийкарланған? Баланы өз пайдасын гөзлеместен, «былайынша» әдеп-икрамлылық нормаларын сақлаўға не мәжбүрлейди? Мүмкин дәртлеслик, басқа адам менен дәртлес болыў шығар? Мүмкин әдилсиз қылық басқа биреўге жәбир беретуғынлығын, демек баланың өзинде де жағымсыз, қуўанышлы емес сезим келтирип шығаратуғынлығын алдыннан сезиў ме екен?

Дәртлес болыў – жақсы, адамгершилик сезим. Ҳәтте, 2 жасар бала да мазалы нәрсени жақын адамы менен бөлисиўи, жақынларының кеўилсизлигин көре алыўы мүмкин. Мектепке шекемги жастағы бала дәртлес болыўдың жоқары дәрежеде қәбилетине ийе болады. Ҳақыйқый, өз пайдасын гөзлемей исленетуғын әдеп-икрамлылық дәртлесликке тийкарланған болыўы мүмкин бе? Мүмкин емес. Себеби бизлер ҳәмме ушын қайғыра алмаймыз, ҳәммеге дәртлес бола алмаймыз: тек ғана жақынларымызға, өзимизге унайтуғын адамларға ғана қайғырып, дәртлес бола аламыз. Ҳәммени бирден жақсы көриў мүмкин емес. Ал, ҳәмме менен әдеп-икрамлы болыў керек. Әдеп-икрамлылық өзиниң мәниси бойынша ҳақыйқатында ҳәр тәреплеме, ол «кимди жақсы көрсем соған жақсылық етемен» деген принципти бийкарлайды. Егер бала «абстракт» шараятта шариклер менен норманы сақласа, ол ойыншықларды әдил бөлиседи деп айтыўға болады. Егер ҳақыйқатлық нормасын бузса, онда ойыншықларды да әдил бөлиспейди; өз теңлесине қайғырыў тек оның пикиринде ғана болады ҳәм оның минез-қулқына тәсир етпейди.

Тәрбияның табыслылығын тексерип көриў ушын «ҳақыйқатшылық» (шариклер менен ўақыя) жағдайы алынады. Педагогикалық тәсирдиң түрли

усыллары салыстырылып көриледи. Бәринен де бурын, белгили - әдеп-икрамлылық үлги. Бала шариклер менен тапсырманы «модель» - тәрбияшы яки теңлеси қалай орынлайтуғынлығын бақлайды. Ол модельдиң «екилемши» турғанын, яғный ойыншықты жүдә алғысы келип турғанын… бирақ норманы сақлаў ушын қыйын болса да сыйлықтан ўаз кешкени көриледи. Усындай үлги баланың минез-қулқына тәсир ете ме? Тәсир нәтийжесиз болып шығады. Кейинирек усындай ўақыяларды бирим-бирим орынлағанда балалар басқалар норманы бузбағанлығын көрсе де, норманы бузыўды даўам етеди.

*Басқа метод сынап көриледи.* Балаға сулыў электрли ойыншық пенен (машина) ойнаў усыныс етелиди. Бунда ойын барысында машинаны «бузылатуғын» болады. Әлбетте, бизлер «қатты қыйналамыз», себеби қымбат ойыншық бузылады. Бала да қыйналады. Бирақ жумсақ минезли боламыз, баланың абайсызлығы «кешириледи»: «Мейли, енди ҳеш нәрсе servлей алмаймыз, басқасын сатып аламыз». Ал, енди бала тәжирийбениң қадағалаў усылына қойылады. Оның бастан кеширген «айыплылық ҳәм кешириў» сезими онда әдеп-икрамлылық себебиниң келип шығыўына, оның «жақсы, ҳақыйқатшыл, әдил» болыўды қәлеўине жәрдем бермес пе екен? Өйткени, бизлер үлкенлер өмирде басқа адамлар менен мүнәсибетлердеги қәтелеримизди табыслы сапластырғаннан кейин усындай қәлеўди бастан кеширемиз. «Айып ҳәм кешириў» методы «әдеп-икрамлы минез-қулық методикасы»на салыстырғанда табыслырақ болып шығады, бирақ оның табыслары онша үлкен емес.

*Ең нәтийжелиси үшинши метод болады:* бул «позицияны алмастырыў» методы. Баланың қылықларын бизлерди билмейди деп ойлаўынан пайдаланылады: оның минез-қулқы бақланады, норманы қалай бузғанын көретуғынымызды бала билмейди. Оған «тәрбияшы ҳәм қадағалаўшы» роли тапсырылады. Енди ол басқа балаларды шариклерди қалай салыўға үйретеди ҳәм қағыйданы, норманы бузыўшылық болмаўын қадағалайды. Оларды жалғыз қалдырамыз, не болатуғынлығы бақланады. Тәжирийбе соны көрсетеди: сөзде барлық балалар «тәрбияшы» болыўға келисим береди, бирақ исте бул рольди ҳәммеси қабыл етпейди. Бизлердиң «жәрдемшилеримиз»диң биреўлери бузыўшылықларға тыйым салыўдың орнына, ҳәттеки теңлеслериниң қағыйданы бузыўшылықларын эксперимент өткериўшиден жасырыўға жәрдем береди. Бирақ, рольди қабыллаған балалар өзлерин актив тутады: көрсетеди, түсиндиреди, теңлеси қол менен салыўды айтқанда, «сөзинде турыўды», «алдамаўды» усыныс етеди… Бул бала жақында ғана өзин басқаша тутқанлығына исениў қыйын. Енди ең қызығы «тәрбияшы» позициясын қабыллаған балалар жалғыз қалып, қайтадан шариклерди алып салыў тапсырмасын алғанда, олар дерлик ҳәммеси де өз сөзлеринде турады ҳәм сыйлықтан ўаз кешеди.

Баланың өзине мүнәсийбети, өз әдеп-икрамлылығын баҳалаўы өзгереди. Ҳақыйқатында, бизлер баланың норманы бузғанын билетуғынымызды билмейди, бирақ буны өзи биледи. Алдаў ҳәм норманы бузыў жаман екенлигин де биледи. Демек, ол өзиниң «әдеп-икрамлылық сыпатын» онша жоқары баҳаламайды (бул оған норманы бузыўға кесент келтирмейди) ҳәм бирден, күтилмегенде усындай исеним билдирилиўи: ол «тәрбияшы», «қадағалаўшы», «үлкенлердиң жәрдемшиси». Ол қылығы ушын жазаланыўдың орнына,

күтилмегенде усындай сыйлыққа миясар болады. Бала өзиниң көз алдында «өседи». Исенимди ақлаўға ҳәрекет етеди. Мақтаў еситиў яки сыйлықланыў ушын емес, ал өзиниң күтилмегенде пайда болған унамлы «образын» сақлап қалыў ҳәм беккемлеў ушын. Өзи ҳаққында «ҳақыйқатшыл», «жақсы», «әдил» деген түсиниклерди сақлап қалыў ҳәм беккемлеў ушын… Усының өзи қандай сыйлық болса да ўаз кешиўге ылайықлы.

Ҳақыйқатында, балада әдеп-икрамлылықты өзин-өзи баҳалаўын басқаша қәлиплестириўге де болады. Мысалы, бала менен әпиўайы унамлы эмоционал мүнәсибетте болыў жолы менен жүзеге келтириўге. Мүнәсибетлер, әдеп-икрамлылық минез-қулқына байланыслы еместей болып көрингени менен: мәселен, «ҳақыйқатшыллық» мүнәсибети ўақыясы ҳәм мультфильмлерди биргеликте көриў, тоғайға экскурсияға барыў, кеўилли ойынлар арасында қандай улыўмалық бар? Соған қарамастан, үлкенлер менен узақ мүнәсибетлерде болған балалар «шариклер менен тәжирийбелерде» басқа теңлеслерине салыстырғанда жийирек әдеп-икрамлылық қылықларды ислейди. «Айыплылық сезими ҳәм кешириў» усылы онша нәтийжели болмаса да тәсир етеди. Бул усылларда қандай улыўмалық бар? Бул мүнәсибет стили. Бул усыллардың мазмуны түрлише, бирақ мүнәсибет стили – бирдей, өз мәпин гөзлемейтуғын. Бизлер баланың айыбын кеширемиз бе, оған өз ўақтымызды бөлемиз бе, әдеттеги мүнәсибетлерде өз күшимизди ҳәм кеўил мийримимизди беремиз бе, «бузыўшыға» исеним билдиремиз бе – усы аўҳаллардың бәринде биз өз пайдамызды гөзлемеймиз, баланың мәпин өз мәпимизден жоқары қоямыз. Усы арқалы баланың өзин әҳмийетли, дыққатқа ҳәм исеним билдириўге ылайық сезиўине мүмкиншилик беремиз – балада «өзиниң унамлы образын» жаратамыз. Бул образ әдеп-икрамлылық қылығынан ажыралмас болады.

Ал, енди исеними ҳәм ғәрезли мүнәсибетлер буған туўры келмейди. Авторитар, ҳәттеки демократиялық мүнәсибетлер шегинде тек ғана прагматикалық, яғный сыртқы қадағалаўға тийкарланған әдеп-икрамлылық қәлиплесиўи мүмкин.

Солай етип, мектепке шекемги жастағы баланың әдеп-икрамлылығын раўажландырыў – қурамалы ҳәм қарама-қарсылыққа ийе процесс. Дәслеп ол тек ғана «аўызеки орталық» қамтыйды: бала нормаларды «сөзлерден» қабыллайды, ал ҳақыйқатта исте оны бузады. Әсте-ақырын әдеп-икрамлылық нормалары баланың қылықларына тәсир ете баслайды. Үлкенлердиң сыртқы қадағалаўы күшейип барады, өз теңлеслери тәрепинен қадағалаў пайда болады ҳәм өсип барады.

Бирақ, сол ўақыттың өзинде бала ақылының раўажланыўы, оның жақсы ҳәм жаман ҳаққында түсиниклерди өзлестириўи, жақын үлкенлер тәрепинен мәпин гөзлемейтуғын мүнәсибетлер менен «соқлығысып», балада өзиниң унамлы образын өзинде сақлап қалыў ҳәм беккемлеўге тийкарланған әдеп-икрамлылықтың жаңа типиниң «ушқыны» пайда болады. Сыртқы қадағалаўдан ғәрезсиз әдеп-икрамлылық пайда болады. Оның минез-қулқында унатыў ҳәм кейпиятлардың өзгериўине қарамастан турақлы бағдарлаў қәбилетине ийе әдеп-икрамлылық пайда болады.

Демек, бул еле ҳақыйқый әдеп-икрамлылықтың дәслепки бүртиклери болса да, ўақыттың өтиўи менен раўажланып ҳәм беккемленип, шахс тийкарын

қурайды ҳәм балаға инсан мүнәсибетлериниң қурамалы дүньясында исенимли бағдар береди.

## *БАЛАЛАРДЫ РУЎХЫЙЛЫҚҚА ҲӘМ ӘДЕП-ИКРАМЛЫЛЫҚҚА ТӘРБИЯЛАЎДЫҢ ТИЙКАРҒЫ МАЗМУНЫ ҲӘМ ҚАҒЫЙДАЛАРЫ*

Руўхыйлық ҳәм әдеп-икрамлылық тәрбия инсанның ақылый ҳәм эстетикалық жақтан раўажланыўына, дүньяға көз-қарасына ҳәм пуқаралықтың қәлиплесиўине, ўатансүйиўшилик ҳәм шаңарақлық сезиминиң, улыўма физикалық жақтан саламатлылығына унамлы тәсир көрсетеди. Мәмлекеттиң руўхый жақтан үлкен тиклениў дәўири кешип атырған ҳәзирги ўақытта педагогика тәжирийбесине байланысыў әҳмийетли орын тутады. Себеби, жәмийет ҳәм мәмлекет тәлим тараўындағы руўхый ҳәм әдеп-икрамлылық қурамлы бөлимлерин тәмийинлейтуғын моделлерге жүдә мүтәж. Бул руўхыйлыққа ҳәм әдеп-икрамлылыққа балаларды тәрбиялаў бойынша форма ҳәм метод, кағыйдаларын ислеп шығыўдың айрықша әҳмийетин ҳәм актуаллығын дәлийллейди.

***Мектепке шекемги жастағы балаларды руўхый ҳәм әдеп-икрамлылыққа тәрбиялаў қағыйдалары.***

***Дослық қағыйдалары:***

- ✓ Деслардың арасында биринשилик ушын урынбаў. Ҳәмме жақсы нәрселерди өзиң ала бериўден тыйылыў;
- ✓ Өз жеңислериң, шырайлы буйымларың, ойынларың, ойыншықларың ҳәм басқа нәрселер менен мақтанбаў. Қандай да бир нәрсе сенде жақсы болса, менменсинип кетпеў;
- ✓ Достыңның басына ис түссе, оған жәрдем бериў;
- ✓ Достың қандай да бир жаман ис қылып атырса, оны тоқтатыў. Жақсы дос болыў бир-бирине тек ҳақыйқатты айтыў дегени. Егер достың бир нәрседе наҳақ болса, бул ҳаққында оны айыпламай ҳәм қараламай түсиндириў;
- ✓ Досларың менен урыспаў, арзымас нәрселер бойынша қарсыласпаў, өкпе-гийнени кешириўди үйрениў;
- ✓ Досларыңа көре алмаўшылық қылмаў, олардың жеңисинен қуўаныў. Егер унамсыз ис қылса, кеширим сораў ҳәм кемшиликлериңди тән алыўдан уялмаў;
- ✓ Өсек қылмаў, достыңның сыртынан жаманламаў;
- ✓ Басқа балалардан мәсләҳәт ҳәм жәрдем алыўға урыныў.

***Жақсы көриўши, сүйиўши жүрек қағыйдалары:***

- ✓ кеширимли болыў, ҳеш кимге ҳеш қашан жаманлық қылмаў;
- ✓ басқалардан үстинмен демеў, мақтанбаў;
- ✓ жүдә шыдамлы болыў, бәрше унамсыз жағдайларды артықша, түскинликке берилмей қабыл етиў;
- ✓ ашыўланбаў, жаманлықты ойына да келтирмеў;
- ✓ көре алмаўшылық қылмаў, өзиникин излемеў;

- ✓ өтирик затларға қуўанбаў, ҳақыйқатқа қуўаныў;
- ✓ санасып есесине бир нәрсе талап қылмаў: төлеўди де, мақуллаўды да, басқа сыйлықларды да қәлемеў;
- ✓ кейпиятқа, қолайлылыққа ҳәм бос ўақытларға қарап ис тутыў.

***Жақсылық етиў қағыйдалары:***

- ✓ Сондай ҳәрекет қылыў, оннан инсанлар илажы барынша көбирек жақсылықларға жолығыўы;
- ✓ Үстиртин жақсылық қылмаў;
- ✓ Жүрегиңди ашыўдан, жаманлықтан пәк тутыў;
- ✓ Жаман әдетлерден қутылыўға ҳәрекет қылыў;
- ✓ Басқаларды алдаўға жол қоймаў. Қуры сөз ҳәм жаладан қашыў;
- ✓ Ўәдеңи бузбаў. Егер сөз берилсе, оны орынлаўға ҳәрекет қылыў;
- ✓ Таўып алынған затларды, пулларды, ойыншықларды, басқалардың буйымларын алмаў ҳәм өзлестирмеў. Оларды жасырмаў. Жоғалтқан адамға қайтарып бериўге ҳәрекет қылыў;
- ✓ Рухсатсыз ҳеш нәрсе алмаў;
- ✓ Кәмбағалға, аш адамға жәрдем бериў. Инсанның қайғысы, қыйналыўы, бахытсызлығын көргенде, бийпәрўа болмаў;
- ✓ Урысып атырғанларды жарастырып қойыў;
- ✓ Ғамға, азаға, кеселликке ушырағанларға тәселле бериў, жубатыў;
- ✓ Инсан қәлбин жарақатлайтуғын жаман-ашшы сөзлерди ҳеш қашан айтпаў;
- ✓ Өз пикириниң дурыслығын дәлийллей билиў;
- ✓ Өз ис-ҳәрекетлери ушын жуўапкершиликтен қашпаў;

***Мүлайымлылық қағыйдалары:***

- ▪ Мүлайым болыў. Мүлайымлылық - бул өзин тутыў болып, басқалар ушын сен менен сөйлесиў жағымлы болыў;
- ▪ Ҳәмме ўақыт ашық кеўилли болыў: ушырасқанда сәлемлесиў, жәрдеми ҳәм ғамхорлығы ушын миннетдаршылық билдириў, кетип баратырып хошласыўды умытпаў;
- ▪ Транспортта үлкенлерге, бийтапларға ҳәм шаршағанларға орын бериў; буны көзабаға ислемей атырғанды билдириў. Орын босатып бериўди илтимас қылыўды күтпеў;
- ▪ Жығылып түскенге орнынан турыўға жәрдемлесиў. Жасы үлкенге, соқыр ҳәм ҳәлсиз адамға жолды кесип өтиўде жәрдемлесиў. Буны шын жүректен орынлаў;
- ▪ Басқалардың ўақтын қәдирлеў, ҳеш қашан ҳәм ҳеш жерге кешикпеў. Ҳәмийше белгиленген саатта, ҳәтте ҳәр бир минутына шекем өз ўақтында жетип барыў;
- ▪ Өзиң ҳаққында қайғырыўға мәжбүр қылмаў. Үйден шығып баратырып қаяққа баратырғанлғыңды, қашан қайтыўыңды айтыў ҳәм кеш қалмаўға ҳәрекет қылыў;
- ▪ Қыйқаңлық қылмаў. Ынжықлық пенен басқалардың кейпиятын бузбаў.

***Сақыйлықты тәрбиялаў қағыйдалары:***

- ❖ Өзимизге жаққан нәрсени алдын дос пенен, ағайинлер ҳәм жақынлар менен бөлисиўге үйретиў, кейин болса өзге инсан менен бөлисиўди баслаў;
- ❖ Аз-аздан бөлисиў – басқаларға бериў;
- ❖ Биреўге бир нәрсе бергенлигиң ҳаққында ҳеш қашан ҳеш кимге айтпаў. Исленген жақсылық ҳаққында айтпаўды үйретиў;
- ❖ Қызғаншақлық ҳәмме нәрсени есаплаўды жақсы көриўи, егер есап-китап қыла берилсе, оннан ҳеш қашан қутыла алмайтуғынымызды үйретиў.

## *БАЛАЛАРДЫ РУЎХЫЙ ЛЫҚҚА ҲӘМ ӘДЕП-ИКРАМЛЫЛЫҚҚА ТӘРБИЯЛАЎДЫҢ МЕТОД ҲӘМ ФОРМАЛАРЫ*

*Балаларды руўхыйлыққа ҳәм әдеп-икрамлылыққа тәрбиялаўдың төмендеги методларды усынамыз: көргизбели, аўызеки, әмелий.*

***Көргизбели метод төмендеги жағдайларда қолланылады:***

- педагогтың сөйлеп бериўинде;
- сүўретлер көргизбесине экскурсия қылғанда;
- бақлаўда;
- педагог ҳәм балалар тәрепинен ертеклерди сүўретлеўде;
- китап иллюстрацияларын, репродукцияларды, буйымларды көриў барысында;
- дидактикалық ойынларды өткериўде;
- қала бойлап экскурсия қылғанда, мақсетли сейиллерде;
- ертеклерди сахналастырыўда.

***Аўызеки метод төмендеги процессте көбирек нәтийже береди:***

- тәрбияшы тәрепинен әдебий шығармалар оқылғанда;
- балалар ҳәм тәрбияшы тәрепинен қосықлар оқылғанда;
- тәрбияшы тәрепинен гүрриңлер арқалы улыўмаластырыўшы, диалог элементлери бар сәўбетлер өткерилгенде;
- педагог балалардың сораўларына жуўап бергенде;
- ҳәр түрли ойынларды өткергенде: кем ҳәрекетли, сюжетли-ролли, дидактикалық, сахналастырылған-ойынлар (әдебий шығармадан көринис) ҳәм басқа да;
- тәрбияшы тәрепинен қосымша материал анықланғанда;
- жумбақларды табыў даўамында;
- көргизбели материалды көзден өткерип атырғанда;
- балалардың схема, иллюстрация бойынша гүрриң етиўинде, ертеклерди моделлестириўде;
- турмыстағы жағдайларды көрип шығыўда;
- викторина, таңлаў, ҳәр түрли темада кешелер шөлкемлестириўде;
- ата-аналар тәрепинен әдебий шығармалар оқылғанда.

***Әмелий метод зәрүр жағдайларда пайдаланылады:***

- өнимли искерликти шөлкемлестириўде;

- ойынларды өткериўде (қурылыс, дидактикалық, ҳәрекетли, кем ҳәрекетли, сахналы ҳәм басқа);
- балалар менен биргеликте түрли аўқатлар таярлаўда (палыз яки мийўели сок, картошкалы пюре, палыз егинлеринен сорпа ҳәм басқа);
- шынығыў ушын дәнлер коллекциясын таярлаўда;
- ертеклерге қуўыршақларды тигиўде;
- пьесалар, ертеклер, әдебий шығармаларды сахналастырыў, сондай-ақ таңлаўлар, викториналар өткериўде;
- ҳәр түрли бағдарда экскурсиялар шөлкемлестириўде;
- ата-аналар ҳәм теңлеслер ушын ата-аналар менен биргеликте кешелер шолкемлестириўде;
- шынығыўлар ушын балалар менен бирге көргизбели қолланбалар таярлаўда.

***Балалар менен ислесиў формалары:***

- шынығыўлар, сәўбетлер, руўхый ҳәм әдеп-икрамлылық мазмундағы ойынларды шөлкемлестириў;
- қол мийнети ҳәм балалар көркем-өнер искерлигиниң барлық түрлери;
- биргеликте байрамларды өткериў;
- слайд-фильмлер, диафильмлерди көриў, аудиожазыў ҳәм оқытыўдың техника қуралларынан пайдаланыў;
- экскурсиялар, мақсетли сейиллер (қала, район, ўәлаят орайы бойынша);
- балаларға қайыр-сақаўат көрсетиў;
- эстетика жөнелисиндеги тематикалық кешелер (сүўрет, музыка, поэзия);
- көргизбелер шөлкемлестириў (балалар ҳәм ата-аналардың биргеликтеги искерлиги);
- руўхый ҳәм әдеп-икрамлылық мазмундағы музыкалы ертеклерди сахналастырыў;
- көркем кешелер;
- үлкен жастағылар ҳәм балалардың биргеликте жасаўының әҳмийетине итибарды күшейтиў.

***Ата-аналар менен ислесиўдиң төмендеги формаларын келтиремиз:***

- руўхый ҳәм әдеп-икрамлылық темасында ата-аналар жыйналысы;
- ата-аналарға мәсләҳәт бериў;
- руўхый-ағартыўшылық тәрбиялық процессти ашық көрсетиў;
- сораў-жуўап кешелери;
- биргеликтеги тәлим кешелерин өткериў (көргизбелер, таңлаўлар, диалог тийкарында ата-аналар ушын семинарлар, сәўбетлер, техникалық қураллардан пайдаланған ҳалда тематикалық семинарлар);
- ата-аналар менен биргеликте факультатив шынығыўлар өткериў, қәтелерди табыў мақсетинде ата-аналарды тесттен өткериў, анкеталастырыў, шаңарақтағы руўхый ҳәм әдеп-икрамлылық тәрбия процесинде қәтелерди дурыслаў;
- қәнигелердиң жеке мәсләҳәтлери;

- жумыстың *көргизбели түрлери:* ата-аналар ушын информациялық дийўалы газеталар, көшпели папкалар, балалардың соққан буйымлары, дидактикалық ойынлар әдебиятлар көргизбеси;
- экскурсиялар;
- үйге келиў;
- Үлгили шаңарақлардың тәрбия тәжирийбелерин үйрениў, улыўмаластырыў ҳәм ең жайдырыў мақсетинде олардың дүзилисин үйрениў;
- үйде балалар менен айрықша ислесиў (баланың руўхый раўажланыў дәптерин жүритиў);
- ата-аналар менен биргеликтеги байрамлар, спектакльлер, балалардың туўылған күнлерин белгилеў;
- ата-аналардың мектепке шекемги тәлим мәкемесине жәрдеми (бақша аймағын абаданластырыў, байрамларға таярлық көриўде қатнасыў, майда оңлаў, хожалық ислери);

*Солай етип, балаларды руўхыйлыққа ҳәм әдеп-икрамлылыққа тәрбиялаў бойынша бир неше бағдары бақланады:*

- *Руўхый-билимлендириў* (шынығыўлар, сәўбетлер, аўызеки оқытыўлар).
- *Тәрбиялық-саламатластырыў* (байрамлар, ҳәрекетли ҳәм үлгили ойынлар, ролли ҳәм дөретиўшилик тапсырмалар, сейиллер, экскурсиялар, саяхатлар).
- *Мәдений-тәлим* (ушырасыўлар, мақсетли сейиллер, экскурсиялар, концертлер, диафильмлерди көриў).
- *Әдеп-икрамлы - мийнет* (өз-өзине хызмет, топар ҳәм аймақты тазалаў-сыпырыў, қызығыўшылығына қарап мийнет, ҳәр қыйлы искерлик, байрамларда саўғалар таярлаў).

***Балаларды руўхыйлыққа ҳәм әдеп-икрамлылыққа тәрбиялаў барысында төмендеги нәтийжелерге ерисиў мүмкин:***

1. Ўатан ҳәм шаңарақ, жаманлық ҳәм жақсылық, сақыйлық ҳәм зықналық, меҳир-муҳаббат, қулақ салыў - бойсыныў, жәрдем қолын созыў ҳәм көре алмаўшылық, садықлық ҳәм сатқынлық, айыплаў ҳәм кеширим, мийрим-шапаат, итибарлылық, ҳүждан, миннетдарлық, мийнет сүйгишлик ҳаққында дәслепки ақылый тәсирлер.

***2. Ақылый зәрүрлик, умтылыў, сезимлер:***

- туўысқанлар ҳәм жақынларға ҳүрмет-иззет ҳәм меҳир-муҳаббатты шын мәнисинде билдириў: оларға қандай да бир жағымлы ислер қылыў, үлкенлерди өз тәртибиң, ғамхорлығың, дыққат-итибарың менен қуўантыў;
- миннетдаршылық сезими;
- әтираптағыларға жақсылық қылыў сезими (ашық кеўиллилик, ҳәмийше пайдалы ислерге таяр турыў, ғамхорлық көрсетиў), қапашылықта дәртлес болыў, басқалардың жеңисинен қуўаныў, басқа балалар ҳаққында жаман пикирге бармаўға ҳәрекет қылыў;
- өз ўатанына муҳаббат, өз үлкесине қызығыў;
- миллетине қарамастан адамларға жақынлық сезими.

***3. Ақылый искерлик ҳәм әдетлер:***

a. туўылған күнди белгилеўде үрп-әдетлерге бойсыныў;

b. өз исми ҳаққында гүрриң дүзиў;

c. үлкенлерге, наўқасларға, кишкене балаларға ғамхорлық ҳәм дыққат-итибар көрсетиў;

d. жағымлы сөзлерди инам етиў, жаман, кемситиўши сөзлерден қашыў;

e. руўхый таңлаў ўақтында өз тәртип-интизамын анализлеў;

f. жәмәәт орынларында өзин үлгили тутыў (үлкенлерге, кишкене балаларға орын бериў, әдеп сақлаў қағыйдаларына бойсыныў, әсте даўыс пенен сөйлесиў, өзине басқалар дыққатын қаратпаў, басқаларға кесент етпеў, тазалықты сақлаў);

g. биргеликте ойнаў ушын досларына жақсы мүнәсибет, ойынға қабыл етиўин сораған жолдасына жуўап бериў, басқа бир баланың биргеликте ислесиў ҳаққындағы мирәтине итибарлы болыў, олардың нийетин мақуллаў;

h. кәмилликке умтылыўда илажы барынша басқалардан жәрдем талап етпестен ҳәммесин өзиң орынлаўға әдетлениў;

i. үлкенлер ҳәм досларыңның мийнетине, затларына абайлылық пенен мүнәсибетте болыў, тәртип ҳәм азадалыққа бойсыныў.

## *Жуўмаклаў*

Ҳәзирги күнде мектепке шекемги жастағы балалардың руўҳый ҳәм әдеп-икрамлылық тәрбиясына айрықша әҳмийет берилмекте. Себеби, бала – бул ҳәр қыйлы тәсирлер, сезимлер, пикирлер, жаңалықлар ҳәм қәбилетлер дүньясы. Оның қызығыўшаң санасы, қабыл етиўи тәрбияшыға, ата-аналарға, үлкен жастағы адамларға қаратылған болады. Сол себепли олардың ўазыйпасы баланың руўхый-дәстүр имканиятларын жүзеге шығарыў, дөретиўшилик қәбилетлерин раўажландырыў, шахсты қәлиплестириўден ибарат.

Мектепке шекемги жастағы балаларда әдеп-икрамлылық сыпатларды қәлиплестириў турмыстың объектив шараятлары, тәлим ҳәм тәрбия, ҳәр қыйлы ис-ҳәрекетлер процеси, улыўмаинсаный мәдениятты өзлестириўи тәсиринде жүз береди ҳәм улыўмаинсаныйлық әдеп-икрамлылық нормаларына сәйкес келетуғын тутас педагогикалық процессти, баланың өмири, оның жас ҳәм жеке өзгешеликлерине қарап шөлкемлестириў сыпатында нәтийжели әмелге асырылады. Сонлықтан, тәлим-тәрбия жумыслары әдеп-икрамлылық идеяларын өз ишине алып, түрли нәтийжели формаларда мазмунлы ҳәм эмоционал байыған ҳалда әмелге асырылады.

Тәлимли ойын шынығыўларының идеялық, әдеп-икрамлылық байлығы, шынығыўдан тысқары ис-ҳәрекетлердиң ҳәр түрлилиги, шаңарақтағы турмыс – балаларда әдеп-икрамлылықтың қәлиплесиўиниң әҳмийетли дереклери.

Мектепке шекемги жастағы балаларды руўхый ҳәм әдеп-икрамлылыққа тәрбиялаў мазмуны, формалары, метод ҳәм кағыйдалары үйрениледи.

Бизлер әдеп-икрамлылық түсиниклери ҳәм минез-қулықлары табыслы қәлиплесиўи ушын төмендегилер зәрүр деген жуўмаққа келдик:

– психологиялық-педагогикалық процесс сыпатында әдеп-икрамлылықты тәрбиялаўдың мәнисин толық түсиниў;

– әдеп-икрамлылықтың қәлиплесиў жол-жобасын билиў;

– минез-қулық мәдениятын қәлиплестириў бойынша жумысларды режелестирип билиў, әдеп-икрамлылықты тәрбиялаўдың нәтийжели жолларын ҳәм қуралларын дөретиўшилик пенен ислеп шығыў ҳәм әмелиятта қоллана билиў ҳәм т.б.

Әдеп-икрамлылықты тәрбиялаў ушын унамлы әдеп-икрамлылық тәжирийбеси шешиўши әҳмийетке ийе, бул тәжирийбени топлаўда балалардың мүнәсибетлери ҳәм биргеликтеги ис-ҳәрекетлери баслы орын тутады. Егер де егерде жоқарыдағы минез-қулық көрсетпелери бойынша әмел қылынса, тәжирийде гөзленген мақсетке ерисиўге болады.

***Жоқарыдағы жуўмақлар тийкарында балаларды руўхыйлыққа ҳәм әдеп-икрамлылыққа тәрбиялаўда төмендегилерди усыныс етемиз:***

✓ баланың жақсылықты өзлестириўи, оның жақсылыққа бағдарланыўы ҳәм кирисиўшеңлиги, ишки дүньясы, руўхыятының раўажланыўын әдеп-икрамлылық тәрбия ислери тийкарында алып барыў;

✓ баланың өзине ҳәм басқаларға, дөгерек-әтирапқа, дүньяға жақсы мүнәсибетин шөлкемлестириў, үлкенлер ҳәм теңлеслери менен қарым-қатнасының тәртипке түсириў, унамлы руўхтағы балалар дүньясы дәстүрлерин жаратыў;

- ✓ дәртлес болыў ҳәм қуўанышты бөлисиўге мүтәжлик ҳәм де оларға таяр турыў;
- ✓ руўхый кәмиллик ҳәм күшли сезимталлықты қәлиплестириў;
- ✓ Ўатансүйиўшилик сезимин тәрбиялаў, Ўатан раўажланыўы жолында бәрҳа хызметке таяр болыўға тәрбиялаў;
- ✓ мәдений-миллий тәрбия тәжирийбесин үйрениў, шаңарақлық турмыс тәрзи, дәстүрлери менен танысыў, шаңарақтағы өз орнын аңлап жетиў ҳәм үй ислерине жәрдемлесиўге үйретиў;
- ✓ мийнетте белсендилик, өз ис-ҳәрекетлери ҳәм ислери ушын жуўапкершиликти сезиўди тәрбиялаў.

Демек, мектепке шекемги жастағы балаларды руўхыйлыққа ҳәм әдеп-икрамлылыққа тәрбиялаўдың нәтийжелилиги мектепке шекемги тәлим мәкемеси ҳәм шаңарақтың биргеликтеги жумысларынан көп жағдайларда ғәрезли болады. Сонлықтан да жумыслар бир-бирин толықтырған ҳалда алып барылса, мақсетке муўапық болады.

Әдебиятлар:


1. Каримов И.А. Юксак маънавият-энгилмас куч. – Т.: Маънавият, 2008.
2. Каримов И.А. Ўзбекистоннинг ўз истиқлол ва тараққиёт йўли. – Т.: Ўзбекистон, 1992.
3. Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. – Т.: Ўзбекистон, 2003.
4. Ўзбекистон Республикасининг мактабгача таълим Концепцияси. Тузувчилар: Ф.Р.Қодирова, З.Р.Қодирова, Ф.Н.Ваҳобова,– Т., 2008.
5. Болажон. Таянч дастури. Тузувчилар: С.С.Мирджалилова, М.Ш.Расулева ва бошқ. – Т., 2010.
6. Мактабгача ёшдаги болалар ривожланишига қўйиладиган давлат талаблари. – Т., 2008.
7. Васильева А.И. ва бошқ. Болалар боғчасининг катта тарбиячиси. – Т.: Ўқитувчи, 1991.
8. Ортиқов Н. Миллий қадриятларимиз ўгитлари. /Тарбия. журнали/- Тошкент, 2006. № 1 сон
9. Отавалиева У. Бола тарбиясида боғча ва оила ҳамкорлиги. – Т.: Ўқитувчи, 1994.
10. Рахимова Р. Тарбиячига 1001 маслаҳат. – Т.: Чўлпон номидаги нашриёт-матбаа ижодий уйи, 2007.
11. Юсупова П. Мактабгача тарбия педагогикаси. – Т.: Ўқитувчи, 1993.

## *Мазмуны*

Кирисиў …………………………………………………………………..…

Мектепке шекемги жастағы балаларды руўхыйлыққа ҳәм әдеп-икрамлылыққа тәрбиялаў

Балаларды руўхыйлыққа ҳәм әдеп-икрамлылыққа тәрбиялаўдың тийкарғы мазмуны ҳәм қағыйдалары

Балаларды руўхыйлыққа ҳәм әдеп-икрамлылыққа тәрбиялаўдың метод ҳәм формалары

Жуўмақлаў

Әдебиятлар